



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 16 SIT VAKSINASYON AN NAN ETA NEW YORK
PRAL AKOMODE MOUN KI SAN RANDEVOU YO POU MOUN KI GEN LAJ 60 ANE
APATI 23 AVRIL**

***Sit vaksinasyon an mas yo ap mete de kote alokasyon pou Nouyòkè ki gen laj 60
ane yo pou yo vini san randevou epi pou yo pran vaksen an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke apati vandredi 23 avril la, 16 sit vaksinasyon an mas pral aksepte moun san randevou yo pou moun ki gen laj 60 ane ak plis. Eta New York pral mete de kote yon alokasyon vaksen pou fasilite aksè vaksinasyon ki elaji sa a. Gendwa genyen yon tan datant pou moun ki chwazi pa pran randevou nan kèk sit yo depandaman de demann lan. Anplis de sa, tout prèv idantite ak enfòmasyon sou asirans, si sa aplikab, pral nesesè.

"Chak jou Eta nou an ap avanse pi pre yon lavni apre pandemi an nan vaksinen plis Nouyòkè, epi nou ap bati sou momentòm sa a nan rann li pi fasil pou rezidan nou yo pou yo pran vaksen an, nan elaji elijibilite a ak nan ouvri nouvo sit vaksinasyon nan tout Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap mete efò sa a nan yon lòt nivo epi nou ap rann vaksen an plis aksesib pou Nouyòkè ki pi aje yo lè nou pèmèt moun san randevou yo pran vaksen an nan 16 sit vaksinasyon an mas. Yon pwogram vaksinasyon solid enpòtan anpil pou sante piblik la, epi nou ap travay 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou mete piki nan bra yo, pou pwoteje Nouyòkè yo epi fè Eta a pwogrese."

16 sit vaksinasyon an mas ki ap aksepte moun san randevou yo se:

REJYON KAPITAL

Washington Avenue Armory

195 Washington Avenue
Albany, NY

Crossgates Mall, Ansyen Lord & Taylor nivo anba a

1 Crossgates Mall Rd
Albany NY

NEW YORK SANTRAL

Sit Fwa Eta New York la

581 State Fair Blvd
Syracuse, NY

FINGER LAKES

Arèn Dom Rochester (Rochester Dome Arena)

2695 East Henrietta Road
Henrietta NY

Ansyen pakin Kodak Hawkeye

1345 St. Paul Street
Rochester, NY

HUDSON VALLEY

New York National Guard Armory (Asenal Gad Nasional New York)

2 Quincy Place
Yonkers, NY

LONG ISLAND

SUNY Old Westbury

Clark Center - Gate C
Store Hill Road ak Cherry Road
Old Westbury, NY

Suffolk CCC - Brentwood

Suffolk Federal Credit Union Arena
1001 Crooked Hill Road
Brentwood, NY

MOHAWK VALLEY

Enstiti Politeknik SUNY (SUNY Polytechnic Institute)

Wildcat Field House
880 Wildcat Drive
Utica NY 13502

VIL NEW YORK

Javits Center

429 11th Ave
New York, NY

Estad Yankee

1 E 161 St
The Bronx, NY

York College

160-2 Liberty Avenue
Jamaica, NY 11451

Medgar Evers College - Carroll Building

231 Crown Street
Brooklyn, NY 11225

Aqueduct Race Track - Racing Hall

110-00 Rockaway Boulevard
South Ozone Park, NY

SOUTHERN TIER
SUNY Binghamton
10 Gannett Drive
Johnson City, NY

REJYON LWÈS NEW YORK

Delavan Grider Community Center (Sant Kominotè Delavan Grider)

877 East Delavan Avenue
Buffalo, NY

Eta New York Kontinye ap eleji elijibilite pou vaksen an ak rann li pi fasil pou Nouyòkè yo pran vaksen an. Nan dat 12 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York ap bay yon nouvo [alokasyon separe 35,000 vaksen](#) pou adrese popilasyon etidyan an nan fakilte SUNY ak inivèsite prive yo. Alokasyon inisyèl sa ap genyen 21,000 vaksen pou administre bay etidyan SUNY yo ak 14,000 vaksen pou administre nan inivèsite prive yo. Vaksen yo ap administre bay etidyan rezidan ak etidyan ki pa rezidan k ap kite pandan sezon ete a. Nan dat 29 mas, Gouvènè Cuomo te anonse yon [nouvo ekspansyon elijibilite vaksen COVID-19 la](#) nan New York. Kòmanse nan dat madi 30 mas, tout Nouyòkè ki gen laj omwen 30 an kalifye pou resevwa vaksen an. Kòmanse nan dat 6 avril, kalifikasyon inivèsèl la ap antre an vigè epi tout Nouyòkè ki gen laj omwen 16 an kalifye pou pran vaksen an.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)